## АДÆЙМАГ ДЗИЛЛИ ÆХСÆН Æ ЦАРДИ ÆГЪДАУÆЙ, Æ АРФИАГ ГЪУДДÆГУТÆЙ ФЕДАУЙ!..



*Борис ВАСИЛЬЕВ (1924-2013), финсæг: «Æз Уæрæсей исонибонбæл æууæндун. Æруагæс ми кæнуй: ескæмæн æ уоди дуар бахуайдзæнæй æфсармæ, мæнæ мæн уоди дуар куд бахуаста, уотæ. Æруагæс ми кæнуй, ка райгъал æй, еци еугæйттæбæл бафтуйдзæнæй дæсгæйттæ, дæсгæйттæбæл ба – мингæйттæ, æма бонифæстагмæ балæдæрдзæнæнцæ, Уæрæсе æ атомон бомби рæуаги намусгин ке нæй, фал æ адæми гъомусгин искурдиади, уодварни фæрци...»*


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№24 (896) 2023 анзи 30 июнь – хорхæтæни мæйæ

Аргъ 1 туман


**СОЦИАЛОН КЪАБАЗИ**




### АДÆМИ ЦАРДИУАГИ ХУЗÆНОНДЗИЙНАДÆН

Нæ республики Хецауади Сæрдар **Дзанайти Барисæн** кустадон балций Мæскуй уогæй, адтæй цалдæр ахсгиаг фембæлди федералон хецаудзийнади бæрнон косгути хæццæ.

Уæрæсей фæллойнæ æма социалон гъæуайкæнуйнади министри хуæдæййевæг **Магомед Абдулхалимови** хæццæ фембæлди рæстæг дзубанди цудæй Цæгат Иристони социалон къабази идарддæри райрæзти нисанти, ахсгиаг инфраструктурон объектти райрæзти фæдбæл. Зæгъæн, æркастæнцæ каргун æма сахъат адæми республикон Хæдзарæ-интернати арæзтади хæццæ баст фарстатæмæ. Е арæзт цæудзæнæй фиццаградон национ проект «Демографи»-й дæлпрограммæ «Хестæр фæлтæр»-и уагæвæрдмæ гæсгæ. Нæ республики Хецауадæ æма федералон министрадæ ци сæрмагонд бадзурд бафинстонцæ, уомæ гæсгæ арæзт ба гъæуама æрцæуа 2024-2026 æнзти.

Дзанай-фурт куд фегъосун кодта, уотемæй республики Хецауадæ фæллойни федералон министрадæмæ ци курдиæдтæ балæвардта, уони бундорбæл цалдæр ахсгиаг республикон социалон объектей арæзтадæ æма райарæзт бахæсдзæнæнцæ нисанмæарæзт федералон инвестицион программæмæ. Уони нимæдзи æнцæ: тугъдон буцæути ветерантæ æма инвалидти бундорон реабилитаций берæкъабазгин центри арæзтадæ, геронтологий республикон центри бундорбæл реабилитацион хайадæ байгон кæнун, санаторитæ «Иристон» æма «Нæзути къох»-и райарæзт æма уотæ идарддæр.

**ФОРУМ**



### НÆ БÆСТИ ЗИНГÆДÆР ÆНТÆСТДЗИЙНÆДТИ РАВДИСТ «УÆРÆСЕ»

Фæззæги Мæскуй арæзт æрцæудзæнæй дуйнеуон форум-равдист «Уæрæсе». Æ сæйрагдæр нисантæ 'нцæ нæ бæсти æнтæстдзийнæдтæ экономики, культури, наукæ æма иннæ къабæзти равдесун, уæд бундоронæй исбæлвурд æма исхисан кæнун Уæрæсей идарддæри социалон-экономикон æма культурон райрæзти гæнæнтæ æма равгитæ.

Абони уæнгæ нæ бæсти фараст æма цуппаринсæй субъекти еугурæйдæр унаффитæ рахастонцæ форуми архайуни фæдбæл. Экономикон экспозицитæй уæлдай ма равдисти арæзт цæудзæнæнцæ аллихузон агъазиау ахурадонрохсадон, культурон-айиевадон программитæ. Алли регионæн дæр уодзæнæй фадуат æ ахсгиагдæр инвестицион проекттæ равдесунæн, цæмæдесагдæр фæлладуадзæн бунæтти гъомусади тухæй радзорунæн...

Форуми архайдзæнæй Цæгат Иристон дæр, æма нуртæккæ профилон ведомствити косунцæ, цæмæй еугур равгитæй дæр æнхæстæй пайдагонд æрцæуа æма нæ республикæн си ци урух экспозици уодзæнæй, уоми æ гъомусадæ берæвæрсугæй æвдист æрцæуа, цæмæй æмбурди архайгутæ æма иуазгутæ лæмбунæгдæр базонгæ уонцæ нæ абони цард, нæ исонибонмæ равгитæ æма гæнæнти хæццæ. Нæ экспозиций æвдист цæудзæнæй промышленнон æма гъæууонхæдзарадон, уæдта адæмон амалеуæггади кустуæтти продукци. Ке зæгъун æй гъæуй, уæхæн форуми фæрци регионти минæвæрттæн уодзæнæй кæрæдзей фæлтæрддзийнади хæццæ базонгæ уни фадуат дæр. Æма е се 'хсæн æмгустадæн рапарахат кæнунæн агъаз ке фæуодзæнæй, убæл зæрдæдарæн ес.

## ХУАРЗÆЙ ХУАРЗ ЗÆГЪУН ГЪÆУЙ




**БИЧИЛТИ Алетæн (Малити Валодий кизгæн)** аци бæнттæ 'нцæ уæлдай циййнаг – бæрæггонд цæуй æ юбилейи устур бæрæгбон. Никки устурдæр æма зæрдæхцæуæндæр бæрæгбон ба е æй махæн – не 'хсæн ацал-ауал анзи ке косуй æнæхийнæ æма рæстуодæй, æ царди фулдæр æмбес газет «Дигорæн» ке иснивонд кодта, уомæй. Редакци адæймаги мулкитæй исгъæздуггæнæн фæрæзнæ некæд адтæй, уæдта, æвæдзи, некæд уодзæнæй. Кæд ести бакосæн ес, уæд айдагъдæр адæми арфæ æма нимайундзийнадæ. Уой дæр – рæстуод фæллойнæй. Уомæ гæсгæ ба си æстæнтæ фæразунцæ хъазауат кæнун уотæ дæргъвæтийнæ рæстæг. Етæ 'нцæ, нæ маддæлон æвзагбæл еузæрдиуон ка æй, æ хуарзæн æновудæй ка архайуй, зæрдиагæй ка тухсуй нæ адæмихатти уодварнон æма культурон ирæзти исонибонбæл.

Устур хъаурæ æма нифс, бухсондзийнадæ æма фæразондзийнадæ кæмæ ес, еци æнæарфиаг, фал æнæмæнгæ гъæугæ кусти, уонæй ба еу æй Алетæ дæр. Адæймагон хуæрзæййев æууæлтæй цидæриддæр ес, уонæй хуæрзæнхæст æй. Алетæ æй, сæр бæрзонд хæссун кæмæй æмбæлуй, уæхæн адæймаг.


Бичилти-Малити Алети туххæй æрмæг кæсетæ газети 4-аг фарсбæл.


**РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»**

2023 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН.
Æ РАФИНСУНИ АРГЪ АНЗИМБЕСÆН ÆЙ 344 СОМИ ÆМА 52 КЪАПЕККИ; УÆЛБАРТÆМÆ ГÆСГÆ БА – 305 СОМИ ÆМА 64 КЪАПЕККИ.

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙАДТИ ДÆР, УÆДТА ПОСТХÆСГУТÆМÆ.

***Леонид АНДРЕЕВ (1871-1919), финсæг: «Еу рæстуоди цæсгон ку цæвонцæ, уæд еугур рæстуод цæсгæнттæ дæр гъæуама бавзаронцæ рист дæр, маст дæр, адæймаги келбети бафхуæрди гъезæмарæ дæр...» Цума, уæхæн æмтухстдзийнадæ ескæд исфæткон уодзæнæй мах æхсæнади дæр?..***

## АДÆМИ УОДÆНЦОЙНÆН



Республикон сæрмагонд къамиси унаффæмæ гæсгæ бюджетон фæрæзнити харзæй аци анз гъæуама æнхæстгонд æрцæуонцæ муниципалитетти æхсæнадон фæлладуадзæн бунætти райарæзт æма фæлгонцади цуппар проекти. Уой туххæй дехгонд æрцæуудзæнæй 15 миллион сомей бæрцæ фæрæзнитæ. Куд нисангонд цæуй, уотемæй аци проекттæ гъæуама æнхæстгонд æрцæуонцæ аци анзи кæронмæ. Къамиси æмбурди республики Хецауади Сæрдар Дзанайти Барис æ кæронбæттæни радзубандий куд баханхæ кодта, уотемæй уæхæн проекттæ ма идарддæр дæр арæзт цæудзæнæнцæ. Æма районти æма профилон ведомствити разамонгутæн байхæс кодта, цæмæй уони цæттæ кæнгæй нимад цæуонцæ бунæттон цæргути фæндитæ дæр.

## ÆРИГÆНТТИ ИСФÆЛДИСТАДÆ



Агъазиау культурон-ахурадон фестиваль æрæги арæзт æрцудæй сувæллæнтти Еугуруæрæсеуон центр «Орленок»-и. Нæ республикæй си архайдтонцæ Æрæдони сувæллæнтти аййевадон скъолай солисттæ, ансамбль «Арвайдæн» æма хор.Фестивали аййевадон совет син уæлдай хуарз аргъ искодта. Гран-при æма 1-аг къæпхæни лауреати ном исаккаг кодтонцæ ансамбль «Арвайдæн»-æн. Æрæдони скъолай хор иссæй 1-аг къæпхæни лауреат, 2-аг къæпхæни Кади гæгъæдийæй хуарзæнхæгонд æрцудæй ансамбль «Ми-рей». Хуæздæр концертмейстери ном лæвæрд æрцудæй Езети Аллæн. Арфи финстæг лæвæрд æрцудæй Æрæдони сувæллæнтти аййевæдти скъолай сæргълæууæг Дулати Тугъанæн, зингæ æвæрæн ке хæссуй сувæллæнтти аййевади райрæзтмæ, уой туххæй.

## ЗÆРДÆБÆЛДАРÆН МАДЗАЛ



Уæрæсей Географион æхсæнади хъæппæресæй арæзт æрцудæй автомарафон «Кавказский рубеж-2023». Æ нисан æй Устур Фидибæстон тугъди рæстæг советон æфсæдтæ немуцаг-фашистон æрбалæборгутæй ке исуæгъдæ кодтонцæ, еци рауæнти зæрдæбæлдарæн бунæттæ бабæрæг кæнун. Мадзал райдæдта Краснодари крайæй æма идарддæр æ архайгутæ (дæс мин адæймагемæй фулдæр) бабæрæг кæндзæнæнцæ Цæгат Кавкази еугур регионтæ дæр.

Автомарафони архайгутæ евгъуд сабати исхъæрттæнцæ Цæгат Иристонмæ. Дзæуæгигъæуи сæбæл кадгин уавæри исиуазæг кодтонцæ нæ республики хецаудзийнади, ветеранти æма æндæр æхсæнадон организацити минæвæрттæ.

## АУОДУНДЗИЙНАДÆ



### САЕРМАГОНД ÆФСÆДДОН ОПЕРАЦИЙ АРХАЙГУТИ БИЙНОНТÆН АГЪАЗИ МАДЗÆЛТТÆ

**Сæрмагонд æфсæддон операций ихæстæ æнхæст кæнгæй, ка фæммард æй, еци æфсæддонти бийнонтæн еухаттон финансон агъази мадзæлттæн Цæгат Иристонæн уæлæнхасæн дехгонд æрцæудзæнæй сæдæ миллион сомей бæрцæ.**

Цæгат Иристони финансти министри ихæстæ рæстæгмæ æнхæстгæнæг **Исахъти Олеги** дзубандимæ гæсгæ, сæрмагонд æфсæддон операций архайæг адæмæн финансон агъаз фæффулдæр кæнунæн хуæрзæрдæмæ фæббæрæг уодзæнæнцæ республикон бюджети уæлæнхасæн æфтуйæгтæ. «Еумæ райсгæй, бюджети хæрзтæбæл уæлæнхасæн бафтуйдзæнæй 200 миллион сомей бæрцæ (аци анзи бюджети уæлæнхасæн æфтуйæгти пълани еци бæрцитæ ’нцæ).

Министр куд загъта, уотемæй бюджети уæлæнхасæн æфтуйæгтæй сæдæ миллион соми лæвæрд æрцæудзæнæнцæ республики Хецауади фæстауæрци фондмæ. Сæдæ миллион соми ба дехгонд æрцæудзæнæнцæ, сæрмагонд æфсæддон операций ка фæммард æй, еци æфсæддонти бийнонтæн еухаттон финансон агъази мадзæлттæн. Еци фæрæзнитæн сæ еу хай радех кæндзæнæнцæ, ка фæццæф æй, еци æфсæддонтæн дæр.

Сæрмагонд æфсæддон операций ка фæммард æй, еци æфсæддонти бийнонтæн нуриуæнгæ финансон агъази хузи лæвæрд æрцудæй 161 миллион сомемæй фулдæр.

Республики аци анзи бюджетбæл æфтуйæгтæ нисангонд цæунцæ 48,1 миллиард сомей бæрцæй, хæрзтæ ба – 48, 4 миллиард сомей бæрцæ.

## ÆДАС ЦАРД ФИЦЦАГИДÆР НÆХЕ ÆМАРХАЙДÆЙ АРАЗГÆ ÆЙ

### НАРКОТИКТИ НИХМÆ ТОХИ АХСГИАГ ÆНЦÆ ЕУГУР АХЕДГÆ МАДЗÆЛТТÆ ДÆР

Наркотикти нихмæ архайди фæдбæл республикон къамисæн æрæги ци æмбурд арæзт æрцудæй, уоми сæрдареуæг кодта Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**. Æма е куд фæббæлвурд кодта, уотемæй региони наркотикти нихмæ арæзт политики нисантæ раздæри хузæн æнцæ, еци хъилма ка уæйæ кæнуй æма сæ ка æлхæнуй, уони бæрцæ фæмминкъийдæр кæнун. Æ радзубандий загъта:

– Æрæги нæ республикæ бабæрæг кодтонцæ наркотикти нихмæ архайди паддзахадон Комитети иуонгтæ. Етæ хуарзбæл банимадтонцæ, Цæгат Иристони еци гъуддаги фæдбæл ци куст цæуй, уой. Бæлвурддæр ба, наркологон медицинон агъази фæлтæрддзийнадæ, уой хæццæ, дзæбæх кæнуни надбæл ка ’рлæудтæй, уонæн агъаз нимад æрцудæй раззагдæрбæл æма хаст æрцудæй Уæрæсей Федераций æ идарддæр рапарахат кæнуни фæндæ. Къамис ма хуарзбæл банимадта, еумæйагахурадон уагæдæнтти профилактикон куст куд æвæрд æй, уой. Фал, нæ къохи ци бафтудæй, уобæл æрлæуунæн нурма раги æй.

Аци æмбурди республики медгъуддæгути министради наркотикти зелдохмæ цæстдарди Управлений разамонæг **Хинцæгти Нодар** куд фегъосун кодта, уотемæй наркотиктæй пайда кæнуни туххæй республики тæрхондæнтти унаффæмæ гæсгæ хе дзæбæх кæнуни, медицинон æма социалон реабилитаци рацæуни ихæс кæбæл исæвардтонцæ, уони нимæдзæ нуртæккæ æй 364 адæймаги. Аци анзи фондз мæйемæ къабази косгутæ хигъди исæвардтонцæ 128 адæймаги, тæрхондони ихæстæ æнхæст кæнунæй æхе ка римæхсуй, уони нимæдзæ ба ’й 134.

Куд ма загъта, уотемæй административон ивартæ æма лæдæрунгæнæн кусти фæрци фæстаг рæстæг фулдæр æргом æздæхт цæуй, сæхе дзæбæх кæнуни туххæй тæрхондони ихæстæ ка не ’нхæст кæнуй, уонæмæ. Арæзт цæунцæ профилактикон мадзæлттæ дæр æма уони фæрци наркодиспансермæ æрбацæуун кодтан 93 адæймаги.

Республики æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министр **Тебиати Сослан**, уæдта фæллойнæ æма социалон райрæзти министр **Айдарти Алинæ** куд фегъосун кодтонцæ, уотемæй нуртæккæ Цæгат Иристони наркологон хигъди лæууй 2724 адæймаги. Фари хæццæ рабаргæй, е æй 114 адæймаги минкъийдæр.

Республики Сæргълæууæг е ’ргом раздахта 2023 анзи 1 сентябрæй фæстæмæ федералон закъонæвæрунадæмæ нæуæг æйййивддзийнæдтæмæ гæсгæ социалон реабилитаций ихæстæ лæвæрд ке цæунцæ фæллойнæ æма социалон райрæзти министрадæмæ. Уой фæдбæл Айдарти Алинæ загъта, гъома, сæ ведомстви уæхæн куст цудæй раздæр дæр. Зæгъæн, 2022 анзи социалон реабилитацимæ æрвист æрцудæнцæ дæс адæймаги, уони исдзæбæх кодтонцæ, психоактивон бауæргъæдтæбæл æхцул ке адтæнцæ, уомæй, æма си алкæмæн дæр лæвæрд æрцудæй 300 мин сомей аргъ сертификаттæ.

Къамиси æмбурди архайгутæ ма æркастæнцæ нуриккон уавæрти фæсевæди хæццæ наркотикти нихмæ тохи нæуæг хузтæй профилактикон кусти пайда кæнуни фарстатæмæ.

Республикæ фæсевæди гъуддæгути Комитети сæрдар **Джусойти Руслани** дзубандимæ гæсгæ, фæсевæдон политики программæ «Регион-фæсевæдæн» æнхæст кæнгæй, арæзт цæуй, наркотикти нихмæ тох кæнуни нисаеуæг кæмæн ес, уæхæн аллианзон проекттæ, студентон æзмæлди раздзæуæгти ахурадон форумтæ, фестивальтæ, семинартæ æма æндæр ахуртæ фæсевæдæн, республикон турниртæ æма еристæ спорти алли хузтæй.





### ТЕРРОРИЗМИ НИХМÆ – ГЪÆУГÆ МАДЗÆЛТТÆ

Нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** ин разамунд лæвардта, уотемæй æрæги арæзт æрцудæй терроризми нихмæ архайди къамиси æмбурд. Дзубанди си ци фарстати фæдбæл цудæй, уонæй еу адтæй, тугъдон цаутæ кæми цæунцæ, уордигæй нæмæ ци сувæллæнтти æрбаласунцæ æма ци бийнонтæ исиуазæг кæнунцæ, уони хæццæ куст аразуни уавæр. Фæллойни æма социалон ирæзти министр **Айдарти Алинæ** куд фегъосун кодта, уотемæй еугур бийнонтæмæ дæр ес гъæугæ цæстдард, агъазгонд си цæуй.

Æмбурди дзубанди цудæй, бастдзийнади æма конфессионалон организацити объекттæ терроризми фудракæндтитæй багъæуай кæнуни туххæй мадзæлттæ куд æнхæстгонд цæунцæ, уобæл дæр. Куд рабæрæг æй, уотемæй абони бастдзийнади 187 объектемæй æдасдзийнади паспорти хецæуттæ иссæнцæ 168. Идарддæр дæр куст цæудзæнæй иннæ кустуæтти дæр, уæлдайдæр ба информацион инфраструктури, уæдта дини нисанеуæги объекттæ террорæй багъæуай кæнуни фæдбæл.

Республики национ политикæ æма æндагон бастдзийнæдти министр **Бæгъиати Алан** куд радзурдта, уотемæй 2020-2022 æнзти дæргъи республики динти организацити номхигъд федаргонд æрцудæй – нуртæккæ си ес 58 объекти, уонæй 53 æнцæ æдасдзийнади паспорти хæццæ.

Разамонæги дзубандимæ гæсгæ, 2022 анзи бацæттæ кодтонцæ республики регистрацигонд 110 дини организаций бæрæггæнæнтæ. Министрадæ сæмæ рарвиста гъæугæ игъосункæнуйнæгтæ, гъæуама исбæрæг кæнонцæ сæ дини организаций категори æма æдасдзийнади паспорттæ райсонцæ.

Сергей Меняйло æ кæронбæттæни радзубандий бафæдзахста хецауадæн, районти, хæдзарадон куст æнхæстгæнæг субъектти разамундæн, цæмæй терроризми нихмæ къамиси еугур унаффитæ афойнадæбæл æма гъæугæ хузи æнæмæнгæ æнхæст кæнонцæ. Æ еци ихæс ка не ’нхæст кæна, етæ ба гъæуама æййафонцæ æфхуæрд.

**Нуртæкки бæрæгбæнтти берæй адæймаг ке фæллайуй, æвæдзи, уомæ гæсгæ Англий нисангонд æрцудæй бæрæгбæнттæй бауолæфуни бон – хауй 4 июлмæ.**



**Картина Ивана АЙВАЗОВСКОГО «Предательство Иуды», 1834 г.**

***Предательство – это омерзительное явление в человеческой среде – существовало, видимо, во все времена и во все времена резко осуждалось в любом обществе. По этому поводу высказывались и наделенные благоразумием великие представители всех народов. Предательство, к сожалению, оказалось настолько живучим, что по сей день нет да проявляется в той или иной сфере нашей жизни. Вот потому мы и перепечатываем поэму «Легенда о предательстве», которую еще в 60-е годы прошлого века написал Игорь Дзахов – к великой нашей печали, этого прекрасной и чистейшей души человека, талантливейшего поэта и публициста сегодня нет уже среди нас. Светлая ему память...***

# ЛЕГЕНДА О ПРЕДАТЕЛЬСТВЕ



**Игорь ДЗАХОВ,**
поэт, публицист

Непокорному – слезы да раны!
Непокорному – огнь да мечи!

Покоривши восточные страны,
Вел на запад монгол Тимучин.
И крушила врагов его сила!
Нет, не зря у Ононта-реки
Есугеева старшего сына
Чингис-ханом войска нарекли.
Нет средь них иноверцев наемных.
Хан мощней океановых вод!
Нет надежней людей, чем найоны.
Нет предателей в войске его.
Непокорный – да будет наказан!
К черту жалость!
Насилуй и рушь!..

Потопивши в крови Закавказье,
Чингис-хан направлялся на Русь,
Где прошел – ни жилья, ни колодца.
Где прошел – реки крови.
Но вот
Чингис-хан приказал полководцам
Стан разбить у дербентских ворот…
Плыли горы –
Суровость и гордость.
Сказки – взора куда ты ни кинь.
Даже дикие ханские орды
Прикусили на миг языки.
Хан молчал.
Полководцы молчали,
Не прикрыв в удивлении рты,
Хан молчал.
Жизнь припомнив с начала,
Он не вспомнил такой красоты.
Покоривший волшебные страны,
Не видал он красивее стран…

А лазутчик доносит:
– Аланы
Не пропустят тебя, Чингис-хан.
А лазутчик доносит:
– Не сможешь
Ты без сечи прорваться на Русь…

Значит, – сабли кривые из ножен!
Значит, – битва опять поутру!
И потерши скуластные щеки,
Жестко бороду потеребив,
Хан пощелкал глазами-щелками,
Хан промолвил:
«Пойду впереди!
Разве сечь до седла не умеем?
Разве луки ослабли в стрельбе?
Пусть готовятся тьмы Субедея,
И бесстрашные сотни Джебе!..»

Солнце встало,
И встали аланы
Против ханской несметной орды.
Будет сеча!
И кони буланы,
И мечи у аланов остры!
– Нам ли слыть в мире жалкой падалью?!
Клич их был громче грома подков.
И рубились аланы!
И падали
Под клинками татарских полков.
– Будем лучше убиты, но вольные!
И рубились! Один – на троих.
И Чингиса бывалые воины
Умирали под натиском их.
Ах, какая была эта сеча!
В той крови – хоть коня утопи.
Но на землю спускается вечер,
И татарам пришлось отступить…

Чингис-хан стал подсчитывать раны.
Приподняв посеревшую бровь,
Молвил:
– Храбро сражались аланы.
Так впервые пускают нам кровь.
Видно, просто нам с ними не сладить.
Мы засели надолго…
Хотя…
Есть у каждого сильного – слабость.
Есть в алановом стане – Катян.
Жадный витязь…

И этой же ночью
У Катяна под ржанье коней
Разбегались раскосые очи
От игры драгоценных камней.
Говорил Чингис-ханов вельможа:
– Хан прислал тебе тайно дары.
И Катян нам, конечно, поможет
Непокорных врагов покорить.
У Катяна – кипчацкого хана
Под рукою лихие войска.
Чингис-хан предлагает Катяну
Вместе счастье в бою поискать.
И за это кипчацкому хану
Обещает светейший хан
В дар отдать и богатства аланов,
И одну из поверженных стран.
В неприступном алановом стане,
Словно брат, почитаешься ты...
Но кипчаки,
Лишь солнышко встанет,
Пусть ударят негаданно –
в тыл! –

А наутро – не сеча, а бойня!
И на помощь зови – не зови!
Не проснувшись, аланские воины
Захлебнулись в своей же крови.
Клятвы дружбы кипчацкие – вот они…
Как поверить, глазей – не глазей?!
И снопами – аланские воины
Под клинками вчерашних друзей:
– Эй, языческий бог,
ты покинул нас!
Умирать – так с мечом умирать!
Берегитесь, кипчаки!..

Но двинулась
На подмогу татарская рать.
Хитрость силу сломила и рубит,
Надрываясь, победу поют
Чингис-хановы зычные трубы.
И слабеют аланы в бою…

Смотрят воины на Чингис-хана.
Чуют воины снова беду.
– Приведи ко мне хана Катяна,
Верный мой Субедей-Багатур.
Хан предстал пред Чингисовы очи.
Хан сияет.
Он ждет похвалы.
И даров – побогаче, чем ночью,
Принесли ему тайно послы:
Горы злата, камней драгоценных,
Шкурки черных и солнечных лис.
И мечтает о ханстве о целом…

Но спросил у Катяна Чингис:
– Вы с аланами были друзьями?
– Были.
– Вместе в реках коней своих мыли?
– Мыли.
– Клялся в дружбе седым своим
предком?
– Клялся.
– А выходит, что ты их предал!..
– Где, ответ вашей дружбы порука?
Я поверить тебе не могу!
Если предал ты давнего друга,
Как сумеешь служить ты врагу?
И потерши скуластые щеки,
Жестко бороду потеребив,
Хан пощелкал глазами-щелками
И кипчаков велел перебить.

## ЗУНДГИН ЗАГЪДМÆ МА ИГЪОСÆГ КУ УИДÆ!..



Рагон бердзейнаг финсæг Эзоп æ уадзимистæй еуеми ракой кодта мæнæ ауæхæн цауи туххæй. Кæддæр, дан, недзаманти адтæй уæхæн хъæрæу лæг, æма кæд цæститæй æгириддæр нæ уидта, уæддæр имæ цийфæнди цæрæгой дæр ку раттиуонцæ, уæд æй æ урзæй æсгаргæй базудтайдæ. Еууæхæни имæ берæгъи бæдолæ бахастонцæ. Е æй расгæрститæ кодта, уæдта загъта:

– Раст уин ку зæгъон, уæд берæгъи æви робаси бæдолæ ’й, уой бæлвурд не ’ртасун, фал еу гъуддаг ба æнæдузæрдугæй зонун: фонси æргъаумæ ин æнгæрон дæр уадзæн нæййес...

* * *

*Аци цау дессаг кæд æй, уæддæр уомæй дессагдæр ба е æй, æма нури доги хецаудзийнади бунæттæ иуаргутæ, кæд æма сæ дугай цæститæй æгириддæр сахъат нæ уогæй, гæрр, уой нæ уинунцæ, æма нæ цардарæзти гъуддæгутæ ци рæуæнттæй аразунцæ, уомити æрбадун кæнунцæ, берæгъæй-берæгъдæр ка ’й, уæхæнтти. Е нæ, фал ма уонæн сæ æверхъау миутæ ку рагъæр унцæ, уæддæр сæ хуæрзгæнгутæ си карз дзуапп байагоруни бæсти сæхе неци уинæг искæнунцæ. Æма етæ дæр сæ фурæндиудæй сæ миутæ идарддæр кæнунцæ, нæ адæмæн дæр æма нæ Фидибæстæн дæр агъазиау зæрантæ хæссунцæ, уой хæццæ ба ма ибæл гадзирахаттæй дæр рацæунцæ, сауæнгæ туфули дæр ма бафтаунцæ...*



**Иван КРЫЛОВ (1769-1844), финсæг: «Уотæ дæр рауайуй, æма цæргæстæ кæркитæй нillæгдæрмæ дæр æрæфтуйунцæ, фал кæркитæ ба уæларвон мегъти уæнгæ некæд исæфтуйдзæнæнцæ...»**

* * *

Æвæдзи, еугур рæстæгути дæр фагæ адтæнцæ, фал нури доги ба æгæр исберæ ’нцæ, сæхе цæргæстæ æнгъæлун ка байдайуй, уæхæн «кæркитæ». Æма хумæтæги айкæ æрхæссунгъон, таунæгбæл фæббадунгъон дæр ма нæ уогæй, æмпурсунцæ айдагъдæр цæргæсти бон кæми ’й архайун, еци рауæнтæмæ. Гъулæггагæн, кæмæндæрти е бантæсуй, æма ахсгиаг гъуддæгутæ сæ æнарæхсгæ миутæй тъагъитъайлæгтæ бакæнунцæ... Е бæрæг нæй, уæхæнтти фудæй абони нæмæ нæ цардиуаги берæ рауæнти ци гъæндзийнæдтæ рауайуй, уомæй...



**Вячеслав ИВАНОВ (1866-1949), поэт: «Маймули æ сæри зундæй фæккиудтæй æма иссæй адæймаг...»**

* * *

Абони нæмæ ка исдзиллон æй æма бонсауизæрмæ телеуинунади, мухури фæрæзнити, социалон хизæгти ка уæрæдæс кæнуй, уонæмæ кæсгæй, æвæдзи, растдæр уодзæнæй уотæ зæгъун: «Адæймаг æ сæри зундæй фæккиудтæй æма маймули иссæй...» Гъо, етæ цидæриддæр уæнтæ, фал бæлах е æй, æма нин нæ кæстæрти сæри зунд усхъуммитæ кæнунцæ, æма уотемæй уонæй дæр маймулитæ ку рауайун кæнонцæ, тæссаг е æй...



**Лев ТОЛСТОЙ (1828-1910), финсæг: «Гадзирахаттæй дæбæл ку рацæуонцæ, уæд е æй дæ къохтæ дин басæттуни хузæн. Нихxатир кæнун æнгъезуй, фал рахъури кæнунæй ба нецибал рауайдзæнæй...»**

* * *

Нури рæстæги æ Фидибæстæбæл гадзирахаттæй ка рацудæй, уони сæрбæл ка дзоруй, гъома, нихxатир син кæнун гъæуй, нæ рагъуди кодтонцæ сæ миутæбæл, фæррæдудæнцæ, уонæн дзуапп раттуни хузи æримистан нæ номдзуд финсæги загъд. Ка ’й зонуй, хатир дæр син никкæндзинан, фал си хъурий хабар ба нæбал уодзæнæй: дæ уæззау увæри дæмæ æ къилдун ка фæззилдта æма де ’знæгти æмдзæхдон ка иссæй, е дæ исонибони дæр æрбауæйæ кæндзæнæй – никки æверхъаудæрæй.

**Тугъдон цаути архайæг ветеранти Бон бæрæггонд цæудзæнæй 1 июли. Нæдтæбæл цæуни æдасдзийнади Паддзахадон инспекций Косгути Бон ба бæрæггонд цæудзæнæй 3 июли.**

***ДЕМОКРИТ, рагон бердзейнаг философ: «Курухондзийнадæ раттуй мæнæ ауæхæн æртæ рæзи: хуарз гъуди кæнуни искурдиадæ, хуарз дзорун æма хуарзи цæун...» Аци загъдмæ гæсгæ ба куд нæ батæходуй кæнæн, цæмæй нæмæ уæхæн менеугутæй хайгин адæймæгутæ фулдæрæй-фулдæр куд кæна – етæ ’нцæ амондхæссæг.***


БИЧИЛТИ Алетæ е ’мкосгутæ КОЛИТИ Витали, ШАМАРДИНИ Виктория (бадуй) æма ХЕКЪИЛАТИ Марини хæццæ газети нæуæг номербæл кусти рæстæг.

# ЦÆУЙ Æ РАВЗУРСТ НАДБÆЛ РÆСТУОДÆЙ

Нæ рагфидтæлтæй нин байзадæй уæхæн загъд: «Адæми æмхузæнттæй исфæлдесун ку гъудайдæ, уæд æй Хуцау дæр зудта...» Æма æрдзи исконд куд аллихузон æй, бæзгитæ æма нæбæзгитæ си куд æртасæн, уæхæн цæстингасæй кæсæн, а зæнхæбæл цæрæг адæмæй ка ци æй, уомæ. Аргъ ба син кæнæн сæ царди æгъдау, сæ гъуддæгутæмæ гæсгæ. Гъулæггагæн, не ’хсæн разиннуй уæхæн уодисконди хецæуттæ æма сæ архайд æй, – айдагъдæр сæхе гули буни арт æндзарун, алфамбулай цитæ цæуй, уони мæтæ ба ’й æгириддæр нæ фендавуй.

Уæхæнтти ес исхонæн айдагъдæр еухузон номæй – æнæнеци, æнæбитъиз... Æма уони кой кæнгæ дæр нæ кæнæн, уой аккаг нæ ’нцæ, уомæн æма царди фарнæ уонæй не ’нтæсуй.

Фал нин Хуцау хуарз кæнуй æма исæнтæсунцæ æндæр хузи, зæрдтагон адæймæгутæ – цардмæ цийнæ, рохс, амонд æма хуарз гъуддæгутæ хæссунмæ. Æцæгæйдæр фарнæхæссæг ка ’й, цард кæмæй федауй, райдзаст кæмæй æй, уони туххæй цæуй дзубанди.

Уой фæдбæл ба уотæ зæгъуйнаг дæн, æма адæймаг æрдзæй, æ мадæ æма æ фидæй ци хуарз менеугутæ рахæссуй, уонæй царди медæгæ æнтæстгинæй пайда кæнунгъон ку уа, уæд е устур хуарздзийнадæ ’й. Фал еци æуууæлтæбæл æхуæдæг никкидæр ма æфтаугæ ку цæуа, æма сæбæл æ кæстæрти дæр ку ахур кæна, уæд е ба дууæ хуарздзийнади æй.

Ка ’й зонуй, кæмæдæрти уотæ дæр кæсуй, æма нури сæрзелæггун рæстæгути сæ нимæдзæ анзæй-анзмæ минкъийдæр кæнгæ цæуй. Адæми зингæ хай, уоди кæдзосдзийнадæ æма æцæг рохсзæрдæ унмæ тундзгæ æма бæлгæ дæр нæбал кæнунцæ, сæ гъавд иссæй айдагъдæр ести пайдайаг кустбæл фæххуæст унмæ, сæ мæтæ – æнæмæтæ царди уолæнти накæ кæнун. Гъо, уотæ дæр кæд æй, уæддæр нæ цардарæзти бонигъæдæ ка райдзастдæр кæнуй, уони ахедундзийнадæ агъазиаудæр æй. Зæрдрохс æма нифсгун ан уомæй, æма не ’хсæн уæхæн адæймæгутæ ке ес. Уонæй еу æй Бичилти Алетæ – Малити Валодий кизгæ.

Нур æртиндæс æма инсæй анзей бæрцæ фæсмæрун æма æмгустгæнæг дæн Бичилти-Малити Алети хæццæ, æма мæ зæрди еунæг хатт дæр дузæрдугдзийнадæ некæд ниххаудтæй æ уоди рæстдзийнади æма кæдзосади туххæй. Алетæ къахæй-сæрмæ ’й хори лæфинттæй бид уоди хецау, багъæуаги алли æгъдауи дæр адæймаги фарсмæ æрбалæуунгъон ке æй, уæдта адæймаги æ рæдуйунадæй дæр рахесмæ ка раздахдзæнæй, уæхæн нифси мæсуг.

Аци бонти ба Алетæн æй бæрæгбон. Уогæ адæймаги, уæлдайдæр ба силгоймаги карнæ æнзти бæрцæй неке фæббаруй, фал æ хуарз гъуддæгутæй. Æма мæ бон федарæй зæгъун æй: Алети цардæн тæккæ растдæр аргъгæнæг æнцæ æ уодиконди хиццагдзийнадæ, æ рæстзæрдæй хъазауат хуарз ракæнуни сæрбæлтау. Еугæр хъазауати кой искодтон, уæд сæрмагондæй зæгъун гъæуй уой, æма æ цардвæндаги зингæдæр хай баст æй нæ уарзон республикон газет «Дигори» хæццæ.

Алети нуртæккæ газети равзурдбæл, æ карни хабæрттæбæл ку бафæрсай, уæд æнæнийнæфгæй дзорун нæ райдайдзæнæй. Æма, æцæгæйдæр, аци силгоймаг æ зæрдæбæл хуарз бадардта, газет цæмæй дуйней рохс фæуиудтайдæ, уобæл цæйбæрцæ гъезæмæрттæ багъудæй, æ исаразгутæн цæйбæрцæ æвзаргæ ’рцудæй, етæ ин зундгонд æнцæ, уомæн æма син æхуæдæг адтæй комкоммæ æвдесæн, комкоммæ архайæг.

Дæс æма инсæй анзи бал нерæнги æнæкъулумпийæй нæ республикон газет ке цæуй, уоми дæр Алети, уæдта, ци коллективи косуй, уони устур байвæрд ке ес, еци гъуддаг дæр мæмæ дузæрдуггаг нæ кæсуй.


БИЧИЛТИ Алетæ æ фурт Олег æма Бичилти хуæрифурт Эрматов Алишери хæццæ балций Санкт-Петербурги.

Уæрæсей Федераций журналистти Цæдеси иуонг Бичилти-Малити Алети къохæй еу æма дууæ зæрдæмæдзæугæ æрмæги нæ рацудæй ацал-ауал анзи. Æмхузон æнтæстгинæй финсуй аллихузон фарстатæбæл. Уæлдай фулдæр ба финсуй Устур Фидибæстон тугъди архайгути, Райгурæн бæсти сæрбæлтау тохгæнгути цардвæндаги туххæй, фæллойни ветерантæбæл. Сæ уодти кæдзосдзийнадæ, сæ хумæтæг, фал амондгун царди нивтæ син æууæнкгунæй бавдесуй. Зæрдæмæгъаргæ ба уомæн æнцæ, æма си æримисæггагæй неци фæууй, æцæгдзийнадæ ба алкæддæр цæсти ахедгæдæр æй. Уогæ цард айдагъ кустæй нæй. Алетæй арфиаг айдагъ газеткæсгутæ нæ ’нцæ, фал ма æ хеуæнттæ, уæдта ци муггагмæ æркувта, етæ дæр. Æхе тæккæ фиццаг бонтæй фæстæмæ бауарзун кодта Бичилти муггагæн. Уоййасæбæл федауцæй цæруй сæ хæццæ, æма имæ киндзи нæ, фал хуæри цæстæй кæсунцæ æ цардæмбали хеуонтæ. Уæхæн æууæнкæ æма æ аккаг унæн ба устур хъаурæ æма тергади гъæуй. «Цæмæй дæ еске бауарза, нимайа, уой развæлгъау бал дæхуæдæг гъæуама ескети уарзай», – зæгъуй адæмон æмбесонд.

Алетæн ба еци искурдиадæ, æвæдзи, æ цæгатæй, ци хæдзари, ци бийнонти ’хсæн исгъомбæл æй, уордигæй рахæсгæ фæцæй. Хеуонти рахаст рæстæрдæмæ ку фæууа киндзæмæ, уæд е амонд æй, дууæ амонди ба æй, дæ цардæмбали хæццæ кæрæдзей ку лæдæрай айдагъ дзурдæй нæ, фал уотид цæстингасæй дæр, уæд. Алетæ ба æхе уодиконди æма хуæрзæгъдауи фæрци абони уæнгæ дæр æ цардæмбал Алани хæццæ цæрунцæ кæрæдзей нимайгæй, æмзунд-æмвæндæй сæ карни гъуддæгутæ нивæйдзагæй аразгæй.

Дууæ уоди еумæ ку цæронцæ бийнонтæй, уæд еу лигъз надбæл цæугæй кæмидæр сæ еу æнæзуст дзурд искæнгæ дæр, æвæдзи, нæ фæууй. Алцидæр рауайуй царди, фал Алетæн ба уæхæн цæлхдор нæййес, æма æ бон райеуварс кæнун кæмæн нæ бауа. Уæхæн уоди хецау æй Бичилти-Малион Алетæ.

Алетæ æма æ цардæмбал Алан исгъомбæл кодтонцæ фурт – Олеги, уæлдæр ахургонддзийнадæ райсгæй, ахургæнæгæй косуй нæ республики медицинон колледжи, æй æгъдаугин, нимад. Уæхæн мади къохти ка исгъомбæл уа, уомæн галеу надмæ рахезунæй макæддæр фæттæрсæ.

Алетæн е ’нтæстгин кусти туххæй еу æма дууæ хатти лæвæрд не ’рцудæй Кади гæгъæдитæ, арфитæ ивулунцæ æ алли ниммухургонд æрмæги фæсте дæр.

2021 анзи ба Алетæн лæвæрд æрцудæй, Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Хецауадæ ци сæрмагонд премి исфедар кодта, «Мæ уарзон Иристон», зæгъгæ. Еци премి ба лæвæрд цæуй, маддæлон æвзагбæл хуæздæр æрмæг ниффинсуни фæдбæл. Æнæнцойнæ зæрди хецау силгоймаг зæрдæй ресуй алцæбæл дæр. Уæхæнттæй фæззæгъунцæ – адæми фарнæн игурд æй, зæгъгæ.

Алетæ ма хуарзæнхæгонд æрцудæй Уæрæсей культури профцæдести, Уæрæсей журналистти Цæдеси æма Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Кади гæгъæдитæй. Ци ма уа уомæй устурдæр аргъ адæймаги кустæн...

Аци бонти Алетæн æй устур бæрæгбон. Æма ин уой фæдбæл зæрдиагæй арфитæ кæнунцæ æ хеуæнттæ, æ зонгитæ, е ’мгустгæнгутæ. Еци арфитæмæ æз дæр аци финстæгæй æфтаун мæ зæрдиагæй-зæрдиагдæр арфитæ.

Фал еци цийни зæгъуйнæгти хæццæ мин æнæ зæгъæн нæййес еу гъенцъуйнаг гъуддаги туххæй дæр. Кæддæр поэт Гибизти Оскар уотæ финста: «Нæ гъæун мæ Дигори!..»

Алетæ! Фæстагмæ ’й куд балæдæрдтæн, уотемæй, цума, мах нæ маддæлон æвзагбæл мухури фæрæзнити косгути фудæбони хъиамæт дæр нæ Дигори бустæги хъæбæр нæ гъæуй, нæ финститæ кæсунмæ сæхецæн рæстæг иссерунмæ бустæги тулаваст нæ ’нцæ. Уотæ мæмæ кæсун райдæдта, нæ газет «Дигорæ» æма журнал «Ирæф»-и тиражтæ цæйбæрцæбæл минкъийæй-минкъийдæр кæнунцæ, уой уингæй. Мадта си куст ба уæхæн æй, æма си хъиамæтæй уæлдай бунтæ дæр не ’скæндзæнæ аци кусти миздæй. Фал фæсмон куд некæд фæккæнай, Алетæ, дæ равзурст надбæл, уал анзи си косгæй, уæхæн хъаурæ ба дæмæ разиннæд æма дæ хуæрзамонд уæд! Еуетæ содзунмæ исæнтæсунцæ, иннетæ ба сæхе тавунмæ. Ду ба хауис фиццæгтæмæ, æма кæд еугæр содзгæ, уæд нихъхъæзалуй уæнгæ. Æндæр карнæ махæн Хуцау не ’саккаг кодта. Мах ба ди хъæбæр арфиаг ан – ка дæ лæдæруй, етæ – æма Хуцауи арфæй хайгин уо!

***КОЛИТИ Витали***

*Евгений БОГАТ (1928-1985), публицист: «Æригонæй нæ нæ фæйййевдæлуй нæ алфамбулай дуйне уинун æма лæдæрунмæ. Æнзтæ куд фулдæр евгъуйгæ цæунцæ, уотæ ба хе цæмæдесдзийнадæ нæмæ æрнидæн уй. Æма нæ меддуйней нин æргом кæнун байдайунцæ монондзийнадæ æма уодварни сосæгдзийнæдтæ...»*




Абони нæ еугур дæр куд хъæбæр бæллæн, цæмæй нæ уарзон Дигоргоми цардиуагæ нæуæгæй зæрдæмæдзæугæ исуа, уомæ

# ÆРДЗÆ ДÆР ХУÆРЗРÆВДУДМÆ БÆЛЛУЙ...

Нæ номдзуд æмзæнхон Гадати Лазæр æнæгъæнæ дуйнети дæр зундгонд æй куд искурдиадæгин скульптор. Махæн, дигорон дзиллæн ба ма, уой хæццæ зæрдтагон æй, дигорон æвзагбæл ци алæмæти литературон уадзимистæ исфæлдиста уонæй дæр. Асæй минкъий угæй си цæйбæрцæбæл агъазиау гъудитæ ес... Сæ уæлдай уæлтæмæнадæ ба е æй, æма æмзæлæ ’нцæ нæ нури цардиуаги сагъæссагдæр фарстати хæццæ. Зæгъæн, мæнæ «Гъæууат», зæгъгæ, ке исхудта, æ еци этюд.

## ÆМА ÆХСÆВИ ТАРÆЙ ÆРБАЙГЪУСУЙ УГИ ГЪÆР...

*Æдзæрæг фæцæй хуæнхаг гъæу. Æ цæргутæ хуæздæр цард æнгъæл фæйнæ рауæнемæ фæллигъдæнцæ. Гъæунгтæ æрхун кæнунцæ адæймаги къахдзæфтæбæл. Кæддæр цардæй идзаг ци хæдзæрттæ адтæнцæ, етæ нур сæ хурфи никкалдæнцæ, дорти æхсæнти пуруса æма хъамил гулфæй ирæзунцæ, æма сæ уиндæй зæрдæ нирресуй. Æскъæти фагус ниссор æй, æма фиццаги хузæн æ тæф идæрдтæбæл не ’гъусуй.*

*Ци æртæ цæрæг хæдзари ма си байзадæй, уонæй дæр бонæ адæймаг зиннæг нæййес, айдагъдæр ефстагмæ райгъусуй фиййау куйти рæйд. Изæрæй фонс ку æрæздæхунцæ хезунæй, уæд гъæу базмæлуй фустæ æма уæриккити уасунæй, сторвонси æзгулийæй. Уæдта æвваст æрталингæ уй, калд хæдзæртти фæрстæ тæрегъæддаг ауyон дарунцæ. Æхсæви тарæй æрбайгъусуй уги гъæр.*

*Гъæуи тæккæ астæути уайуй хуæнхаг дони тагæ. Игъæлдзæг сæбар-субур кæнуй уорс дорти ’хсæнти. Æ уæлцъарæ ферттевуй сæумон хори тунтæмæ.*

*Ефстаг фæндаггон æ рази æрлæууй æма си е ’донуг нисcæттунмæ æ армидзаг раниуазуй. Æ уазалæй дæндæгутæ адгин рист никкæнунцæ...*

Аци этюд æвзаргæ ба уомæ гæсгæ ракодтан, æма Гадати Лазæри зæрдæ кæддæр куд ниййæрхæндæг æй хуæнхаг гъæути æдзæллагдзийнадæй, уотæ махæн дæр абони хъæбæр сагъæссаг æй нæ цитгин Дигори, коми гъæути уавæр.

Æма еци уавæр исрæвдзæ кæнунбæл æновудæй ка архайуй, етæ ’нцæ Национ парк «Алани»-й косгутæ. Уонæй еу – **Сабети Аламбек**, гъæууонхæдзарадон наукити кандидат, Федералон паддзахадон унитарон кустуат «Фæдзæхстгæндæ Иристон-Алани»-й раздзæуæг наукон косæг. Уой кой сæрмагондæй ба уомæ гæсгæ кæнун, æма е хъæбæр ахид гъуддагонæй фæззæгъуй дзиллон хабархæссæг фæрæзнити Дигоргоми абониккон уавæр гъæугæ хузи фæззæрдæмæдзæугæдæр кæнуни тухxæй. Уой фæдбæл æй Сабети Аламбекæн æ абониккон дзубанди дæр.

## НÆ ХУÆНХБÆСТÆ, АРГЪ КÆМÆН НÆЙЙЕС, УÆХÆН ХÆЗНАДОНÆ ÆНЦÆ

– Адæймаги царди хуæнхбæстæн æ ахедундзийнадæ цæйбæрцæбæл агъазиау æй, е секкаг нæй. Секкаг е æй, æма еци ахедундзийнадæ кенæ æнхæст нæ лæдæрæн, кенæ ба æ лæдæрунæн нæхецæн нæ зин кæнæн.

Хуæнхбæстæ нин æнцæ, аргъ кæмæн нæййес, уæхæн хæзнадонæ. Фиццагидæр, етæ ’нцæ биологон аллихузондзийнæдтæ гъæуайгæнæг. Ами дзæвгарæ ес ниуазæн кæдзос дон æма минералон фæрæзнитæ. Ес си фадуæттæ гъæууонхæдзарадон кустади райрæзтæн, уæлдайдæр ба фонсдаруни продукттæ цæттæ кæнунæн.

Нæ республики æрдзон гæнæнтæмæ ку ’ркæсæн, уæд нæ зæнхитæн се ’рдæг æнцæ хуæнхбæстæ. Ахургæндти нимадмæ гæсгæ, будури тæлмæ ахæссуй 90,7 мин гектари, хуæнхрæбунти – 256,4 æма хуæнхон тæлмæ – 451,6 мин гектари. Будуйрон тæлмæмæ хаунцæ Мæздæги райони зæнхитæ, Змейки урдуг дæлвæзтæ, Арæхъи, Силтанухъ æма Дзæгъепбарзи бæрзæндти раг фадуат. Уомæй уæлдай, хуæнхон гъæдти тæлми берæ гæнæнтæ ес мудибиндзитæ, кæсæлгитæ æма фонс дарунæн, ами сонгун кæрдæг ке зайуй, дони цадитæ æма æрдозтæ дзæвгарæ тъæпæнтæ ке ахæссунцæ, уомæ гæсгæ. Мадта рæзæдæнттæ ниййаразæ къулдунти, æнгози, æхсæри, æндæр культурити талатæ ниййаразæ дæлвæзти, уæд етæ устур пайда æрхæссиуонцæ цийфæнди зæнхкосæг-фермерон сæрмагонд хæдзарадæн дæр.

Зæгъун мæ фæндуй игуæрдæнти – будуйрон тæлми тухxæй. Етæ медæг хуæнхбæсти уогæй, фæхстæ, æндæр тæлмитæ.


САБЕТИ Аламбек.

Хуæнхон тæлмæ дех кæнуй æхсæз æрдзон тæлмебæл. Алкæмæн дæр си ес æхе сæрмагонд хецæндзийнæдтæ. Кæрæдзей хæццæ баст æнцæ, еуæрдигæй, мæри уавæр æма биологон аллихузондзийнæдтæй, иннердигæй ба – хæдзарадон ахедундзийнадæй.

## ДИГОРГОМИ ЕУГУР РАУÆНТИ ДÆР ЕС АДÆМÆН ПАЙДАХÆССÆГ ФАДУÆТТÆ

Фиццаг тæлмæн (хуæнхон гъæдти) ес æ алливарс æрдзон бунæттæ гъæуай кæнун æма алливарс æрдзæ гъæздуг кæнуни нисанеуæг. Æ гъæдтæ устур бунат ахæссунцæ республики царди, аллихузти си пайда кæнæн ке ес, уомæ гæсгæ.

Зæгъæн, ами цæрæгойти дуйне æй цауæн кæнунæн сæйагъазиау хуарз æнцæ уалдзигонфæззигон хезнитæн. Ами ’нцæ хуæнхон хумгæндти зæнхитæ дæр. Алли анз дæр æрзайун кæнун æнгъезуй эокологон æгъдауæй кæдзос гъæууонхæдзарадон тиллæг.

Мадта гъæутæмæ тæлмæ дæр гъæздуг æй сонгун кæрдæгæй. Алли гектарæй дæр си бафснайæн ес 10-15 центнери цъæхцъæхид хуасæ. Бæрзонд тæлми зæнхитæ ба ’нцæ мæгурдæр. Ами берæ ес, сæ кæрдæг ниллæг кæмæн фæуй, уæхæн игуæрдæнтæ, фал хуарз æнцæ гъæддаг сирдтæн хезæнуæттæн. Дарæн си ес хæдзарадон фонс, уæлдайдæр фусвонси дзогтæ дæр.

Уазал æма метгин рауæнтæ, иннæ рауæнтæй игъаугидæр, мæгурдæр æнцæ биологон аллихузондзийнæдтæй. Фал атæ дæр минкъий пайда нæ ’нцæ. Гъæуайгонд си цæуй, аргъ кæмæн нæййес, уæхæн ниуазуни дони берæ æхсæрдзæнтæ.

Зæгъун гъæуй уой дæр, æма еугур æхсæз рауæнемæн дæр ес фæлладуадзуни æма æнæнездзийнадæ федардæр кæнуни нисанеуæг. Ке ранимадтон, еци хецæндзийнæдтæ ба дзорæг æнцæ, нæ хуæнхбæстæн ци устур социалон-экономикон ахедундзийнадæ ес, уобæл. Еугур гъæздугдзийнæдтæй пайдагонд цæуй, зæгъгæ, уæд бунæттон адæми хуæдбундор æгъдау æма уагæвæрд дæр æнæгъигæдардæй бахъæртидæ нæ фæстагæнттæмæ.

## АХУРГÆНДТÆН СÆ АХЕДГÆ АРХАЙДИ МА АГЪАЗГÆНГУТÆ КУ УАЙДÆ...

Аци нисантæ царди æнхæст кæнуни фæдбæл нæ республики разамунд евгъуд æноси 90-аг æнзти райдайæни исфедар кодта программæ «Цæгат Иристони экологон æдасдзийнадæ». Æ нисанеуæг адтæй: æрдзон фæрæзнитæ æма алфамбулай гъæуай кæнуни программæ «Республикæ Цæгат Иристони экологон æдасдзийнадæ». Уомæ гæсгæ æртасæнтæ арæзт цæуй æрдзон фæрæзнитæ хуæздæр æма бæлвурддæрæй ахур кæнуни тухxæй. Зæгъæн, 1993 анзæй 1998 анзмæ æрдзи министради фæдзæхстмæ гæсгæ Хуæнхон паддзахадон аграрон университети, Цæгат Иристони паддзахадон университети æма æндæр уæлдæр ахургæнæндæнтти специалисттæ æртасæнтæ исаразтонцæ 12 проектемæн.

Æртасæнтæ арæзт ба æрцудæнцæ уæхæн темæбæл: «Хуæнхон традицион зæнхикуст фæххуæздæр кæнунæн». Ахургæндтæ экологон æдасдзийнади фæдбæл цалдæр мадзалей фæнди бахастонцæ гъæууонхæдзарадон кустадæмæ. Уомæй уæлдай, исаразтонцæ, хуæнхон урдуг зæнхити аллихузон куститæ ка æнхæст кæндзæнæй, уæхæн агрегат. Æ хуарздзийнадæ уой медæгæ æй, æма мæрæ гъигæдард нæ цæудзæнæй...

8

**_БАГЪÆРАТИ Созурæн багъæуаги, уæлдайдæр ба æ тухст рæстæгути æ фарсмæ, фиццаги-фиццагидæр, æрбалæууидæ КЪОСИРАТИ Сæрмæт, нæ номдзуд публицист, финсæг, æхсæнадон архайæг. Созур ку æрсæйгæ ’й, уæддæр ин фæййагъаз кæнунбæл хъæбæр æновудæй архайдта. Созурмæ финста: «Æз ами бадзубанди кодтон кедæрти хæццæ, гъома, дæу дзæбæх_**



# ПОЭЗИЙ КУРДОН



**СКЪОДТАТИ Эльбрус,**
журнал «Ирæф»-и сæйраг редактор

Багъæрай-фурт аци æмдзæвгæ æртæ æма инсæйанздзудæй ниффинста, æма сауæнгæ уæд исбæрæг æй æ царди ханхæ, балæдæрæг æй ке нæ уодзæнæй, исонибони æ гъудити хæццæ еунæг ке уодзæнæй, æма ’й тухтох кæнун ке гъæудзæнæй, дуйней исконд æндæрхузи ка ’нкъаруй, еци адæни хæццæ. Аци къуармæ ма хауй æмдзæвгæ «Кувдгæнгутæн» дæр:

*Ку базудтон хъæбæр раги мæ еунæг,*
*уæд ма мæмæ цæмæн дзоруй уæ хонæг?*
*Ниммæ уагътæ, уæ кувдмæ дæр нæ цæуун,*
*уæ минаси зæрдигъæлдзæг нæ фæуун.*

Ами Созур никки бæлвурддæрæй, арфдæрæй æвдесуй æ гъенцъун: еугур адæн дæр хуæрунцæ, ниуазунцæ, кафунцæ, зарунцæ, еунæг лæг ба сæ астæу фæббадуй фур æнкъардæй, неци имæ гъаруй æгириддæр æма ’й фæрсæг, уинæг дæр нæййес. Е уоми нæй æма уонæй нæй, е æй æндæр дуйней, æндæр барæнтæй баруй царди хæзнати бæрцæ æма асæ, æндæр мæтæ ин æвдирзуй æ тæносон уод. Е мæтæ кæнуй, ке хæццæ фæббадуй фингæбæл, еци кувдгæнгутæн сæхе уодти мæгурдзийнадæбæл, се ’нæбунатон, æма уомæ гæсгæ, ба – æведауцæ зæрдигъæлдзæгбæл. Поэт, кæд æхе еунæг æма мæгур хонуй, уæддæр мийнаси архайгутæбæл ресуй æ зæрдæ, цийни рæуонæн сæ куд минкъий гъæуй – хуæрдæ æма ниуæзтæ – е æй зингомау деси æфтауй. Уомæ гæсгæ бабæй Созурæн ани хæццæ дæр еумæйагæй неци ес. Нæ сæмæ багъардта æ гъенцъун, æ мæтæ, æма сæбæл æ къох ракъуæрдта, дуар сæбæл «ратъæпп ласта», кæд ин цийфæнди хъæбæр зин адтæй, уæддæр. Аци уодигъæдæбæл финст æмдзæвгитæмæ хауй «Фæйдтон мæ цард» дæр:

*Фæйдтон мæ цард – рист зæрдæ ’йбæл*
*инæфуй.*
*Арвбæл хъуæцау, царди нивæ исæфуй.*
*Арвбæл мегъау, ку ’стумугъ уй мæ*
*сагъæс, –*
*Бадун сæйгау, неуй мæбæл мæ дуаргæс.*

Поэти еунæгдзийнади зинбæл тухсуй æрмæстдæр æ куй, æма ма уой неун ба никкидæр арфдæр кæнуй уоди рист. Лирикон хъайтарæн ами æ нифс æрдæгсаст æй, æ хъауритæбæл исдузæрдуг æй:

*Фæйдтон мæ цард, бавзурстон æй*
*еунæгæй,*
*Уæззау мæ уаргъ, нæ ’й фæразун еу*
*лæгæй.*

Цума цæхуæн уаргъи кой кæнуй автор еу рауæн дæр æма иннæ рауæн дæр? Уомæн дзуапдæттæг æнцæ Созури æмдзæвгитæ сæхуæдтæ. Мæнæ сæ еу – «Еунæг»:

*Байзадæй еунæг,*
*дзиназгæ, кæугæ.*
*Уой бæсти зарæг*
*Ку ’ адтайдæ бæргæ.*

*Косунмæ – тухгин,*
*Хуссун нæ уарзта.*
*Тохунмæ – нифсгин,*
*æ реу лæвардта.*

Поэт æй косæг æма тохæг, куст æма тох æнцæ æ «уæззау уаргъ», фал æ хæццæ æмзунд, æмунаффæ неке ’й, фæххуæцæг ибæл нæййес, иннæ адæми æндæр гъуддæгутæ гъæунцæ, æма ин уомæ гæсгæ зин æй, нæбал æууæндуй æхебæл:

*Æ мосмæ фæззæг*
*тиллæг ку хаста.*
*Фесавдæй еунæг –*
*дон æй фæлласта.*

Нифссаст, цардæнсæнстæй поэти лирикон герой е ’ннæ æмдзæвгæ – «Бæхбадæг»-и рæнгъæбæл æ саргъбæл æрфунæй æй: «Райзадтæн, еунæгæй фæдздзæгъæл дæн, æррæстæ нæ уайуй хуссигъæлдзæг». Уæдмæ ба е ’мбæлтти, е ’мбæлццонти ефхæссунцæ «хъозæнттæ», сæхецæн амæлттæ ерунцæ æма «тундзунцæ хæлæфæй сæ хæйттæмæ».

*Сау бæхи фæссайдтон бæхбадæгæй.*
*Рауелон æфсæрмæй мæ кæрци дус.*

Ами дуккаг рæнгъæ æй æнахур, фал рæсугъд дзурдбæститæй арæзт сорæт. Уæхæнттæ ба Багъæрати Созури исфæлдистади ес хъæбæр берæ:

*Зæгъун, нæ дæн гъосæй къуру,*
*нæ дæн къуру сæрæй дæр.*
*Хонетæ мæ гъолон уру,*
*фегъосун уой дæуæй дæр.*

Аци рæнгъитæ ист æнцæ æмдзæвгæ «Цæмæй къуру дæн»-æй. Уоми идарддæр ес мæнæ уæхæн дзурдтæ:

*Зин æй цæрун æнæ ’мбалæй,*
*нæййес хуæцæг мæгурбæл.*

Поэт бабæй ами дæр æвдесуй еунæгдзийнади фудæбон æма æнæбоц ухери. Уомæ гæсгæ Созур иннæ æмдзæвгæ «Æмбæлттæн»-и федарæй зæгъуй:

*«Ма зæгъетæ, æнæ ’мбалæй*
*нæ хевастæй исистæн.*
*Ма зæгъетæ, афонæ й ’ма*
*нæ цæвгути ниццæвæн.*

*Ирон тогæн ходуйнаг æй*
*хæлæф кæнун, нæ бæлсун, –*
*ба нæ уагътæ æмхузæнæй*
*æд æмбæлттæ исистун.*

Идардмæ уинæг æма гъудигæнæг поэт Багъæрати Созури тæссонд уод æма æнкъарагæ зæрди æздирвæги æздирвтонцæ адæмбæл мæтæ, уой нури уавæр æма æ исони цард. Фал æ равгæ н ’адтæй, ци хузи ’й хуæздæр æнгъæл адтæй, ецирдæмæ ескæд фæббæрæг ун царди уагæбæл, уомæн, æма исæмбалдæй æрцæуйнаг

**БАГЪÆРАТИ СОЗУРÆН УÆДДÆР ЦИ КИУНУГУТÆ УАГЪД ÆРЦУДÆЙ, ЕТÆ АБОНИ ДÆР ЗÆРДТАГОН ÆНЦÆ НÆ ДЗИЛЛÆН**












**Финсæг, публицист Уалити Елиуози фурт Лаврентибæл 5 июли æнхæст кæнуй фондз æма цуппаринсæй анзи. Зæрдиагæй ин арфæ кæнæн!..**

*кæнуни туххæй... Зæрдæ байвардтонцæ еу минкъий æхцайæй дæр фæккæсунæй. Фатер дæр иссердзинан... Идарддæр бабæй ести амал кæндзинан...» Созур æ фæстаг финстæгутæй еуеми хумæтæги нæ финста: «Хуæрзбон, Сæрмæт! Нур æнгъæлдæн æрхъæрттæй мæ мæлæт. Ка 'й зонуй, кæрæдзей ку нæбал фæууинæн. Дæуæй цæун мæрдтæмæ аразийæй!..»***



æййивддзийнæдтæмæ æдзæттæ адæнбæл. Уомæ гæсгæ æ хъазар гъæубæстæй цæунвæндæ искодта, берæ сæ уарзгæй, цæмæй син ма хъор кæна сæ мæгур сагъæстæ, сæ хумæтæг гъудитæ æма уотемæй æхуæдæг дæр фæййервæза æнæпайда тухдзурд æма тохæй:

*Цæун, цæун, идзулд зæрдæй сæ уадзун.*
*гъæуæн, синхæн сæ къох есун фæразун.*
*Гъæуæн, цид, æз мæ зæрди нез ку*
*дзурдтон,*
*уæд син фæрсæй сæ ходунгъæр игъустон.*

Багъæрати Созур, æвæдзи, æ иннæ æмгъæуккæгти хæццæ рабаргæй, æндæр, уæлдæр къæпхæнбæл лæудтæй, æ гъудий бæрзæндæмæ ин не 'схъæрттæнцæ етæ, æма ибæл фæрсæй худтæнцæ, зардтонцæ, сæхе зундгиндæр æнгъæл уогæй, мæнгæй.

*Кæугæй мæнмæ сæ зарунгъæр игъустæй,*
*уидтонцæ мæн æгадæдæр сæ мистæй.*

Гъе, уæддæр поэт, куд устур адæймагуарзагæ гуманист, уонæмæ не 'смæстгун æй, æ хуарз зæрдихатт сæмæ нæ раййивта, фал ма син æ уод нивонди æрхæссунмæ дæр цæттæ адтæй:

*Цардтæн æз дæр, мæ хæстæгæн*
*адтæй мæ дзурд æнадæ.*
*Алцидæр нез дзæгъæл лæгæн.*
*Еунæг – мæгур, æгадæ.*

*Мастæй, зинæй, æфхуæрдæй дæр*
*хай мæ фæцæй мæ фагæ,*
*цардæй мæлун берæ хуæздæр –*
*цардæн зæгъун: «Ирайгæ!»*

Зинг зæгъунæй ком нæ содзуй. Еци æмбесонд раст æй бæргæ, фал æнæ артæй хъуæцæ дæр нæ фæууй, æма Созур, еци рæстæги, еци уоди зин уавæри хæццæ, алци дæр бакодтайдæ, гъе уомæ 'й æртардтонцæ æ хъазар хеуонтæ, æгириддæр æй ке нæ лæдæрдтæнцæ, уой фудæй. Фал уæдмæти ба Созури зæрди бацудæй æндæр сагъæстæ. Етæ бæрæг æнцæ æмдзæвгæ «Къазармай»-æй.

*Нæбал мин ес мæ гъар хуссæн, –*
*нæзи фæйнæг мæ буни.*
*Хуцау зонуй, ку бахуссон, –*
*ци фæууиндзæн мæ фуни.*

*Цæмæй зонун, куд цæрунцæ*
*мæ тухст мадæ, мæ хуæртæ.*
*Æвæццæгæн, никкæунцæ,*
*зæрдихалæн сæ гъæртæ.*

Багъæрати Созури æнхæст нæбал евдæлуй æ хурфæмæ игъосунмæ, æ гъæубæсти ке ниууагъта, уони мæтæй:

*Нæ мæ гъæуй они кæун,*
*евгъуйæнтæ сæ бæнттæ.*
*Низзарун, цид: тугъдмæ цæун!*
*Æрхæсдзæн дзи нивæндтæ.*

*Æвеппайди мæ сау рæсугъд*
*мæ зæрдæбæл ку 'рлæууй, –*
*хуæрунбæл дæр мæ цæстисуг*
*мæ фингæбæл нигъзæлуй.*

Гъе, уоцирдигæй Созурмæ бакалдæй цидæр нифси, цидæр адгин, фæлмæн æма гъар рохси цъита:

*Мæнгæ дзурд уин нæ фæууодзæн;*
*берæ уарзун нæ бæстæ,*
*фал уегасемæй еу одæн*
*фулдæр уарзуй мæ цæстæ.*

Еугур поэзи уарзгути зæрдæмæ дæр ка цæуй, Созури еци æмдзæвгитæй еу æй «Зуймон æхсæвæ гъæди». Уомæн æ алли рæнгъæ дæр æй цæститæбæл гъазагæ цæттæ нивæ:

*Бæрзонд хуæнхти сæртæй цъететæ*
*гъизунцæ.*

Хецæнтæй æрфинсæн иннæ рæнгъитæ дæр:

*Тар гъæдæ сæ буни цæурæхцæ кæнуй.*

Идарддæр:

*Æносон лæгæтти сирдтæ дæр хуссунцæ,*

æма цуппæрæймаг рæнгъæ:

*арв дæр мин цæстемæй гъæдæмæ кæсуй.*

Аци цуппар рæнгъи нин цуппар рауæнеми сæ фæдбæл равзурун кæнунцæ нæ каст, не 'нкъарæнтæ, нæ гъудитæ. Фал еци цуппар рæнгъи нæ ниррæдзæхсæнтæ 'нцæ, нæ рахецæнтæ 'нцæ кæрæдземæй, æнцæ еумæ баст – гъудийæй, райгурдæй си еу къæбæламад сюжет.

Идарддæр дæр аци æмдзæвги автор æ дæсниадæбæл дес кæнун кæнуй, æрдзи рæсугъд æма æхцæуæн нивтæ æрæстæфун æма бавдесунæй:

*Кирсæ къалеутæбæл рæхцунцæ*
*мæргътæ дæр.*
*Æнсури ирдгæмæ тавунцæ сæхе.*

Аци дуккаг рæнгъæн ба, дигорон литературæй идарддæртæмæ рахезгæй дæр, æмбал зин иссерæн æй. Уайтæккæ дæр æй кайфæнди дæр райахæсдзæнæй, зæгъгæ, æнсури уазал ирдгæмæ ба куд ес хе тавæн. Æ дессаг дæр уой медæгæ 'й, æма 'й Созур лæдæргæ-лæдæргæй ке финста. Нихмæвæрд фæззинд, æрдзи æма царди фæткитæй ка рахизтæй, уæхæн сорæт зæрдæмæ хъæбæр цæуй, адæймаг æй æ уодмæ есуй цидæр æнæлæдæрд æнкъарæнти фæрци, æма е ба дзорæг æй, аци æнахур рæнгъи арæзт раст ке æй, уобæл.

Æвæдзи, ами дзубанди цæуй мæргътæн сæхе номæй, сæхе цъухæй. Мæргътæ басудæнцæ, ци бунат иссирдтонцæ кирсæ къалеутæбæл, уоми кæд ирдгæ кæнуй, уæддæр мæргътæмæ ба уотæ кæсуй, нæхе тавæн, зæгъгæ, уомæн, æма сæ уотæ фæндуй, се 'дзæллаг уавæр исраст кæнуни мадзал син е æй сæхемæ гæсгæ. Сæ фæндон нимайунцæ æцæгдзийнадæбæл, æма уотæ 'нкъаргæй, сæхе гъар кæнунцæ, хуæздæр бон сæбæл ке нæййес, уомæ гæсгæ.

Циуавæр автори ес исхонæн поэт æнæ лирикæй? Бæласæбæл къалеутæ еу фарсæй ку не 'рзайа, гъе уой хузæн уодзæнæй е дæр. Созури иннæ лирикон æмдзæвгæ «Сæрдæ» финст æрцудæй 1917 анзи фæлвæра – хорхæтæни мæйи 21 бони. Джусойти Нафи Багъæрати Созури исфæлдистадæ дех кæнуй цуппар фæлхæнебæл сæ финсуни рæстæгмæ æма сæ социалон фæткæвæрдмæ гæсгæ. Алке дæр æхе хузи лæдæруй, уинуй гъуддæгутæ, уомæ гæсгæ ба Нафи нимайуй æмдзæвгæ «Сæрдæ» Созури революцион æмдзæвгити райдайæнбæл æма, уомæн еци барæ ниууадзæн, фал æмдзæвгæ «Сæрдæ» некæци социалистон цардарæзти хæццæ баст æй. Е æй политикон фæливд хабæрттæй идард лæууæг, еппард аййевадон уадзимиси æнаййеп, зæрдесгæ æвдесæн. Е æй æрдзæ æма адæни æнæскъунгæ еудзийнади дæнцæ, цард æма рæстæги бастдзийнади бæдолæ.

Созур нин дуйней æнæлæугæ зелдохæй еу сæрдигон бони нивæ исæскъудта, рæстæг бауорæдта æ еугур цийни змæлди хæццæ, æ еугур æнæбафæнзгæ æрдзи рæсугъддзийнæдти хæццæ нин æй нæ цæстити рази æрæвардта, уомæн æма æхе уоди хурфи нæбал цудæй, деси 'й æфтудта, æндæмæ пурф кодта зæнхи арф реуæй истонгæ дони хузæн фурдессагæй. Нæ зæрдитæбæл æрлæууун кæнæн фæстаг строфа:

*Бæлæути къуар бæкъуæлтæмæ*
*ку 'ртæхунцæ пæр-пæрæй, –*
*се 'рæмбалдæй сурх мæнæутæ*
*нигъзæлунцæ гæр-гæрæй...*

Æвæдзи, берети батавуй аци, Хуцауæй æрвист изæддонæ, фал уæддæр зæнхон æмдзæвгæ.

Къуар æмдзæвги тухгин, уæдта нурмæ ка адтæй, уонæй æндæрхузи финст ку рауайуонцæ авторæн, уæд поэт цæрдзæнæй уони хæццæ. Фал Созурæн ба къуаремæй фулдæр æнцæ еци бæрзонддæр тæрхæгбæл æвæруйнаг уадзевдзитæ. Никки бæрæгдæр дзоргæй ба имæ æрдæгконд, кенæ кæронмæ арæзт ка нæй, уæхæн æмдзæвгитæ уогæ дæр нæййес, кæд сæхе æмхузон тухуаст нæ 'нцæ, уæддæр.

Созур хъæбæр молуй æмдзæвги формæ аразуни фæрци. Æрмæст имæ æмдзæвги формæ фæззиннуй, хецæнтæй нæ, фал æ медеси хæццæ еу рæстæги, æмбастæй. Æ æргъæй косæг фæлтæрдгин скульптори хузæн, æмдзæвги медæггаг æма агъодæ исфæлдесуй еци-еу исфæлдистади зинги æрмæгæй. Уой фæрци ба имæ кæнгæ æмдзæвгитæ æстæн æнцæ, уæдта Багъæрай-фуртæй уæлдай иннæ устур поэттæ дæр зундæй финститæй цохгонд нæ 'нцæ, уомæн æма айдагъ уоди уæларвон тæмæнæй дæр идардмæ рагæпгæнæн нæййес аййев литератури рæсугъд ухерий будурти.



**БАГЪÆРАТИ Созур Киристонгъæуи ци хæдзари цардæй, уой фарсбæл цалдæр анзей размæ æвæрд æрцудæй мемориалон дорин фæйнæг. Уой фæдбæл арæзт цитгин мадзали архайдтонцæ æ кизгуттæ дæр (галеуæрдигæй рахесæрдæмæ) Симæ, Верæ æма Зинæ.**

**НОМЕРÆН**



**ГУЛУТИ Андрей,**
(1892-1980)
Цæгат Иристони адæмон поэт

## БАГЪÆРАТИ СОЗУРÆН

Нæ мæгуртæ дин адтæнцæ
Дæ унгæг бæнтти хъазар.
Æнæуинон дин иссæнцæ
И бонгинтæ, и æлдар.

Дæ рист зæрдæ и сау доги
Цагъайрадæн нæ бухстæй.
Ивулдæй дæ маст дæ тоги,–
Нæ фæразтай æвдустæй.

Низзардтай нин тохи зартæ,
Фæндон цардмæ мах худтай, –
Хуæздæр догæ, урух бартæ
Нæ дзиппитæн агурдтай.

Сæребарæ! Сæребарæ! –
Дæхуæдæг æй фæууидтай.
Дæ зарти ин ду æ хъаурæ,
Æ тæмæнтæ фæдздзурдтай.

Бахуардтай ду нæ фæтæгæн
Æнæсæтгæ ард уобæл.
Мах алкæддæр иуæндагæй
Ке цæудзинан æ надбæл.

Муггагмæ нин фæццæрдзæнæй
Зæрди тогæй финст лæвар, –
Нæ рохс бæстæн æрттевдзæнæй
Дæ дессаги «Зæрди дуар».




***Редакцийæй:*** *Багъæрати Созур е 'мдзæвгитæй еуеми («Цæун») уотæ финста: «Цæун, цæун, нурмæ дæр дзи нæ гъудтæн. Мæ уод фæууæд сæрбæлтау дæр сæ фурттæн…» Цæмæй æ еци гъенцъун ма исæцæг уа, уомæ гæсгæ ба мах, абони цæрæг дзиллæ, ихæсгин ан кадæ ин кæнунæй, æ рохс ном æма æ исфæлдистадæ ин æносон кæнунæй…*

**Киристонгъæуи (нури сахар Дигорай) цæргутæ 1903 анзи 29 июни байгон кодтонцæ киунугæдонæ-кæсæндонæ. Кæсунмæ ка арæхстæй, етæ имæ зæрдæхцæуæнæй цудæнцæ. Абони ба?..**

***Кæддæр раги, дан, еу æдули будури еци тъæбæрттæй уадæй æма æ гъæлæсидзаг гъæр кодта. Ци косис, зæгъæ 'й, ку бафарстонцæ, уæд загъта: «Мæ гъæр цæй уæнгæ игъусуй, уой базонун мæ фæндуй...» Уотæ уæмæ нæ кæсуй, æма нæ царди уавæртæ æртасгутæй берети архайд дæр фулдæр хæттити еци æдулий миуи хузæн фæууй?..***



# ÆРДЗÆ ДÆР ХУÆРЗРÆВДУДМÆ БÆЛЛУЙ...

Ахургæндтæ ма куд исбæлвурд кодтонцæ, 5 утемæй хуæнхбæсти мæгур зæнхитæмæ хуæрзминкъий ку бахæссай минералон гъæцæнтæ, уæддæр хуæрзæрдæмæ фæззиндзæнæй хуарæрзадбæл. Зæгъæн, уалдзигон хъæбæрхуари тиллæг, хуасгæрцити зæнхитæмæ гæсгæ рабаргæй, фæффулдæр уй 1,3-1,6 хатти. Уомæй уæлдай ма ахургæндтæ бæлвурд амунддзийнæдтæ равардтонцæ, цæгат æма хонсарвæрсти циуавæр агротехникон мадзæлттæй архайун гъæуй, уой туххæй дæр.

Æртасæнтæ куд равдистонцæ, утемæй республики хумгæндти мæри гъæздугдзийнадæ минкъийæй-минкъийдæр кæнуй. Бæлвурд ку зæгъæн, уæд фæстаг 50-60 анзи мæри хъаймагъ рæстæмбес нимадæй фæмминкъийдæр æй 20 процентти. Ами фудгин айдагъ æрдзон уавæртæ нæ 'нцæ, фал ма берæ рæстæг агротехникон мадзæлттæ дæр гъæугæ хузи æнхæстгонд ке нæ цудæнцæ, е дæр. Ихæлд цудæнцæ хæмпæлгæрдæгти, гъæуунхæдзарадон зайæгойти незти æма зæранхæсгути нихмæ тох кæнуни фæткитæ. Мæри гъæздугдзийнадæбæл лæгъузæрдæмæ фæззиндтæй, минералон æма органикон гъæцæнтæй, куд æнгъезуй, уотæ пайдагонд ке нæ цудæй, е дæр.

## УÆЛДАЙ ФÆККÆСУЙНАГ ÆНЦÆ ХУÆНХОН ХЕЗÆНУÆТТÆ

Уæлдай хъæбæрдæр ма нæ абони фæккæсун гъæуй хуæнхон хезæнуæттæмæ. Берæ рауæнти син уарун дæнттæ сæ мæрæ фæлластонцæ, байдзаг æнцæ дортæй æма, кæддæр сонгун кæрдæг кæми задæй, уоми абони синдзи къотæртæй байдзаг æй. Республики ахургæндтæ ци æрмæг бацæттæ кодтонцæ, уоми бæлвурд амунддзийнæдтæ дæттунцæ, хезæнуæттæмæ куд базелун гъæуй, уой туххæй.

Æртасæнтæ куд равдистонцæ, утемæй фæстаг дæс æма дууинсæй анзей дæргъи Дæргъæвси алливарс зайæгойти 331 хуземæй бацæуæйгонд æрцудæй æдеугурæй 212, хъæдорхуаси 28 хуземæй ба ма байзадæй 16. Уомæ гæсгæ, æма нуртæккæ раздæрæй 33-58 процентти хуасæ карст цæуй игуæрдæнти.

Зайæгойти дуйне дæр хуæздæр уавæри нæй, Саниба æма Гæналдони кæмтти ци хуæнхон игуæрдæнтæ ес, уонæми дæр. Фæстаг дæс æма инсæй анземæ пайдахæссæг кæрдæгути бæрцæ 68 процентемæй æрхаудтæй 20,7 процентемæ, аллихузон кæрдæгутæ ба – 27 процентей бæсти нуртæккæ 'нцæ 51,1 процентти.

Абони экологон системити бундор æнцæ цæрæгойтæ æма зайæгойтæ кæми цæрунцæ, еци æрдзон бунæттæ. Сæ цæрæн рæстæг ба аразгæ 'й биологон аллихузондзийнæдти бæрцæй. Цæйбæрцæбæл аллихузондæр уа, уоййасæ экологон системитæ æнцæ фæразондæр. Уомæн æма алли организм дæр исахур уй хецæн менеугутæбæл.

Куд зонæн, утемæй æрдзон игуæрдæнти фулдæр хай хумæгонд æрцудæй будури, республики гъæди фæзуатæн ба æ 90 процентти цагъд æрцудæй. Уомæ гæсгæ зайæгойти генофонд хъæбæр исмæгур æй алли рауæн дæр, æма цæрæгойти кæцидæр хузтæ кунæг кæнун райдæдтонцæ. Идарддæр нæмæ экологон фидбилизтæ цæмæй мабал цæуа, уой туххæй æртасæнтæ конд бæргæ 'рцудæнцæ. Ахургæндтæ берæ фæллойнæ бакодтонцæ зайæгойтæ æма цæрæгойти дуйней номхигъдтæ исаразунбæл. Цалдæр ведомстви специалисттæй ци сæрмагонд къамис арæзт æрцудæй, е фæндæ бахаста зайæгойтæ æма цæрæгойти 220 хузи Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сурх киунугумæ бахæссуни туххæй. Æ фиццаг рауагъди зайæгойти хузти бæрцæ адтæй фараст æма дууинсæй, цæрæгойти бæрцæ ба – финддæс, æма нин е «ирд» æвдесæн æй, нæ алфамбулай райгурæн æрдзæ куд «хуарз» гъæуай кæнæн, уомæн.

Ами нæ идарддæр зæгъун фæндуй: биологон аллихузондзийнæдтæ багъæуайгæнæн ес, нæ æрдзон бунæттæмæ фулдæр цæстдард ку уа, уæд. Æма уой туххæй нæ республики разамунди унаффæмæ гæсгæ, дзæвгарæ тъæпæнтæ ист æрцудæнцæ хæдзарадон зелдохæй æма нур æнцæ сæрмагонд гъæуайкæнуйнади уагæвæрди. Ахургæндтæ ахедгæ мадзæлттæ аразунцæ, цæмæй хуæнхон æма хуæнхрæбунти зæнхити аллихузон кæрдæгутæ дæттонцæ фулдæр тиллæг. Æма уой туххæй абони æнтæстгинæй пайдагонд цæуй мæрæ гъæуайгæнæн технологитæ æма фæрæзнитæй.

## НÆ ФИДТÆЛТИККОН ЗÆНХИ ТÆЛФУН НÆМÆ БАГЪАРДЗÆНÆЙ?..

Нæ цитгин Дигоргоми, нæ дарæг æма нæ рæвдауæг æрдзи сагъæссаг уавæри фæдбæл дзубандимæ гæсгæ, æвæдзи, бунати уодзæнæй Гадати Лазæри еума новеллæ æримисун. Хуннуй «Фидтæлти зæнхæ».

Фидтæлти зæнхæбæл нæуæг фæлдæхт хуми баримахстон мæ уарзондзийнадæ. Нæ райхалдæй мæ деденæг. Е 'дзаг думст бауæрæй нæ фæууæгъдæ 'нцæ æ рæсугъд сифтæ арти æвзæттау æма нæ базмалдæнцæ рагуалдзæги фæлмæн ирдгæмæ.

Нæ баниуазта сæумон æртæх мæ деденæг, нæ ниуулæфтæй зæрдибунæй хуæнхаг уæлдæф.

О мæ деденæг!

Лæуун сæргубурæй къуар анзей фæсте ауæдзи кæрони æнгъæлкæсæгау...

Нæййес мин æнæ дæу зæрдæнцойнæ, дæ реуи римæхст æй мæ уарзондзийнадæ. Ду ме 'нæкæрон сосæгдзийнадæ, фидтæлти зæнхæ! Ду æнæуодбарæ дæ мæ сагъæстæй, мæ сонти бонти катаййæй, æма дин игъосун дæ тæлфунмæ…

Махмæ, Дигори зæнхæбæл цæрæг фæлтæртæмæ дæр игъусуй нæ фидтæлти зæнхи тæлфун: «Æнæргъудийæй мæ ма уадзетæ... Сумах мæ рæвдудмæ куд бæллетæ, æз дæр уотæ бæллун уæ ауодундзийнадæмæ...» Фегъосдзинан æй?..

***Æрмæг мухурмæ бацæттæ кодта БИЧИЛТИ Алетæ***

## ПРОКУРАТУРА СЕВЕРО-ЗАПАДНОГО РАЙОНА Г. ВЛАДИКАВКАЗА РАЗЪЯСНЯЕТ:



**ДЗИДЗОЕВА Валерия,**
помощник прокурора Северо-Западного района г. Владикавказа

### ПРАВОВОЙ СТАТУС ДОМАШНЕГО ЖИВОТНОГО, КАК ОБЪЕКТА ПРАВА СОБСТВЕННОСТИ.

Согласно статье 137 Гражданского кодекса Российской Федерации к животным применяются общие правила об имуществе.

По общему правилу животные могут выступать объектом права собственности, носитель которого может по своему усмотрению совершать в отношении принадлежащего ему животного любые действия, не противоречащие закону и иным правовым актам и не нарушающие права и охраняемые законом интересы других лиц.

Обладание животными как специфическим объектом имущества порождает для собственника (владельца) определенные обязанности, укладывающиеся в гражданско-правовое понятие «бремя содержания имущества».

Животные как объект бремени собственности:

– являются живыми существами и нуждаются в постоянном обеспечении собственником их естественных физиологических, питательных и поведенческих потребностей;

– подвержены ряду общих с человеком заболеваний и требуют от собственника выполнения особых санитарно-эпидемиологических условий содержания;

– обладают способностью чувствовать, ощущать страх и боль и испытывают потребность в защите от жестокого обращения со стороны собственника;

– имеют свойства и способности, исключающие полную волевую и физическую подконтрольность человеку, и требуют возложения на собственника обязанности ликвидировать возможные последствия повышенной опасности животных для окружающих.

Становясь собственником домашнего животного, человек неизбежно вступает в правовые отношения, содержание которых составляют достаточно жесткие законодательные ограничения и юридические обязанности по осуществлению бремени собственности.

Вне зависимости от разновидности и назначения животного собственники обязаны не допускать жестокое обращение с животными, противоречащее принципам гуманности.

Кроме того, статья 18 Закон Российской Федерации «О ветеринарии» от 14.05.1993 № 4979-1 возлагает на владельцев животных ответственность за их здоровье, содержание и использование, закрепляя обязанность осуществлять хозяйственные и ветеринарные мероприятия по предупреждению болезней, содержать в надлежащем состоянии животноводческие помещения и сооружения для хранения кормов и переработки продуктов животноводства, соблюдать зоогигиенические и ветеринарно-санитарные требования при размещении, строительстве, вводе в эксплуатацию объектов, связанных с содержанием животных, и иные обязанности.

Игнорирование таких ограничений и обязанностей может повлечь для нарушителя неблагоприятные последствия гражданско-правового характера.

В частности, в силу статьи 241 Гражданского кодекса Российской Федерации в случаях, когда собственник домашних животных обращается с ними в явном противоречии с установленными на основании закона правилами и принятыми в обществе нормами гуманного отношения к животным, эти животные могут быть изъяты у собственника путем их выкупа лицом, предъявившим соответствующее требование в суд.

Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **950**. Заказ **№ 1417.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 29.06.2023.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 29.06.2023.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**